

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Métode panalungtikan perlu dilarapkeun pikeun ngumpulkeun data, nganalisis data, napsirkeun, jeung nyindekkeun hasil panalungtikan. Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif nu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun masalah nu keur karandapan. Éta hal luyu jeung pedaran ti Nazir (2011, kc. 52) nu nétélakeun yén tujuan tina digunakeunna métode déskriptif nyaéta pikeun ngadéskripsikeun sacara sistematis kana naon nu keur ditalungtikna. Di jerona ngawengku kagiatan ngadéskripsikeun, nyatet, nganalisis, jeung ngainterprétasikeun kaayaan-kaayaan nu keur karandapan.

Lian ti kitu, ieu panalungtikan ogé ngagunakeun pamarekan kualitatif pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis fénoména, kajadian, aktivitas sosial, sikep, kapercayaan, persépsi, jeung sistem pamikiran sacara individual atawa kelompok. Sababaraha déskripsi dipaké pikeun nyangkem prinsip-prinsip jeung-pamahaman nu nuduhkeun kana kacindekan (Sukmadinata, 2015, kc. 60). Galur dina ieu panalungtikan ngawengku wawancara, transliterasi naskah tina aksara Pégon kana Latén, studi pustaka, ngumpulkeun data, idéntifikasi data, analisis data, jeung hasilna dipedar dina eusi panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung prakna panalungtikan nepi ka bisa ngajawab pasualan-pasualan nu aya. Sakumaha nu ditétélakeun ku Arikunto (2013, kc. 22-23), yén desain panalungtikan mangrupa prosés anu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Cindekna, desain panalungtikan téh pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka jadi hasil panalungtikan.

Léngkah-léngkah nu dilakukeun dibagankeun saperti di handap.



Bagan 3. 1
Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 102), upama panalungtikan ngagunakeun dokumén, disebutna data atawa subyéék panalungtikan. Subyéék nu dipaké pikeun

nyangking data biasana aya tilu rupa, nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung dokumén (*paper*).


Luyu jeung éta katerangan, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta naskah wawacan “Siti Jaojah”. Ieu naskah asalna ti Cihaur nu geus diinventarisir ku Dr. Hj. Ruhaliah, M.Hum. (dosén Departemen Pendidikan Bahasa Sunda FPBS UPI Bandung) dina wangun salinan. Kandel ieu naskah nyaéta 85 kaca, ditulis ku aksara Pégon dina basa Sunda.

3.2.1 Idéntitas Naskah “Siti Jaojah”


Ieu di handap idéntitas naskah nu kapanggih, di antarana nyaéta:

| | |
|-----------------------------|--|
| Judul naskah | : “Siti Jaojah” |
| Lokasi ayana naskah | : Cihaur |
| Idéntitas nu boga naskah | |
| 1) Ngaran | : Dr. Hj. Ruhaliah, M.Hum. |
| 2) Panganjrekan | : Lembang, Kab. Bandung Barat, Jawa Barat. |
| 3) Pakasaban | : Dosén |
| Raratan waruga naskah | |
| Titimangsa ditulisna naskah | : Salasa, 24 Mulud Taun Dal |
| Jumlah kaca | : 85 kaca |
| Jumlah baris unggal kaca | : 14 baris |
| Jumlah pada | : 402 pada |
| Ukuran naskah | : 19,5 cm X 16,5 cm |
| Ukuran aksara | : Sedeng |
| Aksara naskah | : Pégon |
| Basa naskah | : Sunda |
| Kaayaan naskah | : Alus |
| Warna mangsi | : Hideung |
| Wangun karangan | : Puisi |


Gambar 3. 1
Tanda Ganti Padalisan



Gambar 3. 2
Tanda Ganti Pada



Gambar 3. 3
Tanda Ganti Pupuh



3.2.2 Pupuh nu Digunakeun

Pupuh nu digunakeun dina naskah “Siti Jaojah” diwincik saperti ieu di handap.

Tabél 3. 1
Pupuh nu Digunakeun dina Naskah “Siti Jaojah”

| No | Pupuh | Digunakeun | Kaca | Jumlah Pada |
|----|--------------|------------|-----------------------|-------------|
| 1 | Dangdanggula | 6 kali | 1, 26, 41, 50, 66, 79 | 52 pada |
| 2 | Sinom | 3 kali | 2, 15, 43 | 32 pada |
| 3 | Pangkur | 3 kali | 5, 34, 48 | 32 pada |
| 4 | Kinanti | 5 kali | 8, 23, 46, 60, 76 | 66 pada |
| 5 | Pucung | 4 kali | 10, 30, 53, 72 | 80 pada |
| 6 | Asmarandana | 5 kali | 12, 38, 56, 69, 81 | 76 pada |
| 7 | Magatru | 2 kali | 18, 65 | 25 pada |
| 8 | Lambang | 2 kali | 21, 63 | 16 pada |
| 9 | Maskumambang | 2 kali | 36, 65 | 15 pada |
| 10 | Mijil | 1 kali | 62 | 4 pada |
| 11 | Wirangrong | 1 kali | 63 | 4 pada |

3.2.3 Ringkesan Carita

Kacaritakeun di nagri Bani Isroil, aya hiji panghulu nu ngaranna Radén Kodi. Miboga pamajikan anu sampurna, nyaéta Déwi Siti Jaojah. Dina hiji waktu, Radén Kodi munggah haji ka Mekah sorangan. Nyi Jaojah jangji moal ngarempak aturan Alloh. Saacan indit, Dén Kodi nitah ka adina nu ngaranna Radén Ahi pikeun ngajagaan jeung ngariksa Nyi Jaojah katut harta bandana. Éta wasiat téh ditarima ku Radén Ahi. Nyi Jaojah teu kendat ngadu’akeun salakina.

Salila Dén Kodi indit, Nyi Jaojah teu loba ngageulis, da ngarti kana hukum agama yén hakékatna ngageulis téh ngan ditujukeun pikeun ka nu hakna wungkul, nyaéta salakina. Nyi Jaojah ogé tara kaluar ti imah, lain teu hayang akur jeung batur, ngan teu wanieun ka luar imah teu saidin salakina.

Hiji waktu, Radén Ahi keur mariksa imah Radén Kodi. Manéhna asup ka kamar Nyi Jaojah, katémbong Nyi Jaojah keur aya dina tempat saréna. Dén Ahi nyampeurkeun rék nyium Nyi Jaojah. Nyi Jaojah kacida reuwasna, manéhna gancang ngejat bari nyarékan. Nu dicarékan kalah seuri. Dén Ahi maksa rék ngajak teu uni. Tapi, Nyi Jaojah keukeuh nolak sabab sieun ku hukum Alloh. Dén Ahi satékah polah nyieun siasat sangkan Nyi Jaojah daékeun.

Isukna, Dén Ahi datang deui ka imah Nyi Jaojah. Radén Ahi gancang nyampeurkeun rék nyium Nyi Jaojah, tapi tetep teu beunang. Dén Ahi geus pusing, manéhna ambek tuluy ngancem rék mitnah Nyi Jaojah kapanggih keur ngalakukeun hal nu cidra, nu tangtu bakal meunang hukum ranjam. Nyi Jaojah teu sieun, sabab manéhna ngan sieun ku Alloh wungkul. Dén Ahi gancang ka luar ti imah tuluy ngageroan jalma nu ditunjuk pikeun jadi saksi, nyaéta Ki Sahad Ki Sahid jeung Ki Sahadan Ki Sahidin. Ahirna Nyi Jaojah diranjam ku hukuman nagri.

Dina tempat pangranjaman geus kumpul warga nu hayang ningali Nyi Jaojah, teu lila ti éta Nyi Jaojah datang digiring ku sakabéh sardadu. Tuluy Nyi Jaojah asup kana lombang, sakabéh awakna dikubur iwal ti huluna. Sakabéh nu aya di dinya malédogan Nyi Jaojah. Harita panon poé kaburu surup, sakabéh nu lalajo geus marulang. Nyi Jaojah ditinggalkeun sorangan di tempat pangranjaman.

Teu lila ti harita aya hiji jalma nu ngaliwat kana tempat pangranjaman, ngadéngé aya sora awéwé nu keur ceurik, nyaéta Ki Jamal. Manéhna néang éta sora. Basa ditempo, nu keur ceurik téh Nyi Jaojah tuluy gancang disampeurkeun. Nyi Jaojah nyaritakeun sakabéh kajadianana. Sanggeus ngadéngé kitu, Ki Jamal gancang ngaluarkeun Nyi Jaojah tuluy dibawa ka imahna.

Basa nepi di imahna, Ki Jamal gancang nyarita ka pamajikanna yén manéhna nimu awéwé nu dianiaya sabab dituding ngalakukeun hal nu teu uni. Pamajikan Ki Jamal narima Nyi Jaojah. Hiji waktu datang hiji lalaki, nyaéta Ki Sohabat rék nyaba. Di jero imah, katémbong Nyi Jaojah keur barang gawé. Ki

Sohabat kabéngbat ku geulisna Nyi Jaojah. Teu lila ti éta kurunung Nyi Jaojah nyampeurkeun tamu, nyuguhkeun suguhaneun. Beuki resep waé Ki Sohabat ningalina.

Poé maju ka peuting, Ki Sohabat saré di imah Ki Jamal. Tapi Ki Sohabat teu bisa saré, lantaran mikiran waé Nyi Joajah. Manéhna néang kamar Nyi Jaojah, katémbong Nyi Jaojah keur bebenah. Ki Sohabat nyampeurkeun, Nyi Jaojah gancang ngejat. Nyi Jaojah reuwas basa Ki Sohabat rék nyium pipina. Lantaran Nyi Jaojah teu daékeun dicium, Ki Sohabat ambek tuluy indit.

Peutingna, Ki Sohabat balik deui ka imah Ki Jamal bari nyorén bedog. Asup ka imah Ki Jamal mangsa nu boga imahna geus sararé, tuluy asup ka kamar Nyi Jaojah. Katingali aya awéwé keur saré di jero, tuluy waé Ki Sohabat meuncit éta awéwé. Isukna, kacida reuwasna Nyi Jaojah basa ningali luyah layah getih dina kasur ogé dina samak. Pertéla aya nu meuncit anak awéwé Ki Jamal. Nyi Jamal nyangka Nyi Jaojah nu meuncit anakna. Ki Jamal mah teu boga pirasat kitu ka Nyi Jaojah, da katingali alus basa, alus tata, alus semuna. Sanggeus dipikir bulak-balik, Ki Jamal nitah Nyi Jaojah geura indit waé ti imahna, ulah nepi kapanggih ku Nyi Jamal.

Nyi Jaojah indit ti imah Ki Jamal. Hiji mangsa, Nyi Jaojah ningali jalma nu ditalian dina tangkal kai. Basa ditanya, éta jalma téh ngaranna Maslub. Manéhna di lembur boga hutang teu kabayar, ku kituna manéhna dicancang dina tangkal kai. Nyi Jaojah karunyaean, tuluy hutang Maslub kabéh dibayarkeun ku Nyi Jaojah ka nu bogana, nyaéta Ki Tolib. Sanggeus kitu manéhna balik deui ka leuweung, rék mukakeun beungkeutan Maslub. Minangka nganuhunkeun, Maslub nuturkeun waé ka mana nyi Jaojah indit, rék ngawulaan.

Di saajalan, Maslub leumpang tukangeun Nyi Jaojah bari nahan napsuna. Bakating geus teu katahan éta napsu, Ki Maslub jol ngagabrug Nyi Jaojah. Nyi Jaojah nyaréka ka Maslub. Ki Maslub ngahuleng, manéhna tuluy indit ninggalkeun Nyi Jaojah. Teu lila ti harita Nyi Jaojah tepi di sisi laut, kabeneran aya kapal nu keur nyisi. Dina éta kapal, Ki Maslub ngajual Nyi Jaojah ka Ki Sudagar. Ki Sudagar tuluy ngageroan Nyi Jaojah, Nyi Jaojah nyampeurkeun bari nyembah. Ceuk Sudagar ayeuna Nyi Jaojah geus dibayar ku tilu ratus ringgit emas, ku kituna Nyi

Jaajah kudu daék diajak teu uni. Nyi Jaajah ngarasa jalma merdéka, manéhna henteu narima. Ki Sudagar ambek tuluy nganiaya Nyi Jaajah. Teu lila ti éta, kapal téh tjumpalik. Nyi Jaajah pageuh nyekel kana papan. Nyi Jaajah kabawa lambak nepi ka basisir, manéhna ngalungsar dina pasir. Teu lila ti harita manéhna hudang, tuluy ngarengtik ceurik. Nyi Jaajah tuluy indit bari ngarayap, ruwal-rawél kana naon baé nu kapanggih.

Basa Nyi Jaajah geus nepi ka wates nagara, manéhna nyimpang ka imah nu aya di sisieun jalan. Nu boga imah soméah ka sémah. Gening Nyi Jaajah téh aya di nagri Adil, manéhna digawé babantu dina éta imah. Minangka hatur lumayan, manéhna ngadongéng lalampahan hirupna. Nu boga imah resep ngadéngé éta dongéng. Isukna, nu boga imah namu ka tatangga tuluy nyaritakeun deui dongéng ti Nyi Jaajah. Nu ngadéngé éta carita pada hayang nanggap Nyi Jaajah. Nyi Jaajah ayeuna katelah ku ngaran Nyi Miskin, kawéntar ka distrik, ku paraménak, ku ratu jeung raja. Ség Raja nitah néang Nyi Miskin, geuwat geura nyembah ka Raja. Satepina ka karajaan, Nyi Jaajah pok baé nyaritakeun lalampahan hirupna. Ti mula di Bani Isroil nepi ka manéhna aya di nagri Adil. Ti dinya, Raja nitah Nyi Miskin ulah kaluar ti kuta, ogé diaranan jadi Guru Isteri. Beurang peuting Guru Istri ngaping ngajar ngaji. Ti mimiti rukun iman, rukun Islam, hukum hapal, hukum sara, jeung hukum dalil. Lian ti éta, Guru Isteri ogé ngajar tapsir jeung pikihna. Nyi Guru Isteri ogé bisa ngubaran sagala panyakit, ngubaran anu panas tiris, buruk sungut, késrék kulit, jeung réa-réa deui.

Kacaritakeun Radén Kodi geus balik ti Mekah, geus nepi ka nagri Bani Isroil. Barang tepi ka imahna, nyampak euweuh sasaha. Manéhna kaditu-kadieu néang Nyi Jaajah, teu weléh kapanggih. Keur kitu, datang tatanggana nyaritakeun sakabéh kajadian nu dialaman ku Nyi Jaajah. Dén Kodi tuluy néang Dén Ahi, rék nanya perkara Nyi Jaajah. Basa nepi ka imahna, nyampak Dén Ahi nu geus teu bisa ningali deui. Dén Kodi kacida reuwasna, tuluy kaluar néang saksi, Ki Sahad Ki Sahid jeung Sahadan Sahidin. Gening éta opat saksi ogé katerap panyakit, biwirna ruksak nepi ka teu bisa ngomong. Dén Kodi geuwat néang jalma nu bisa ngubaran.

Aya nu nuduhkeun ka tobib mashur, nyaéta Nyi Guru Istri. Isukna, Kodi indit ka nagri Adil mawa jelema anu garering. Basa di jalan, Dén Kodi panggih

jeung jalma duaan. Nu hiji walagri nu hiji deui panyakitan, nyaéta Ki Jamal jeung Ki Sohabat. Ki Jamal rék nganteur Ki Sohabat ka nagri Adil pikeun ngubaran kasakitna Ki Sohabat. Ti dinya, Dén Kodi jeung Ki Jamal sarta jalma garering indit babarengan. Sabot di jalan, Dén Kodi panggih deui jeung jalma lolong, Ki Maslub ngaranna. Teu lila ti éta, Dén Kodi panggih deui jeung jalma panyakitan. Sakabéh awakna pinuh ku panyakit, matak gila nu ningalina. Éta jalma téh ngaranna Ki Sudagar, sarua rék ngajugjug ka Nyi Guru Istri. Ti dinya, sakabéh jalma gering indit ka nagri adil, dikawal ku Dén Kodi.

Satepina ka nagri Adil, Dén Kodi geuwat néang Nyi Guru Istri. Katémbong Nyi Guru Istri keur ngajar para santri. Sabada ngajar, Nyi Guru nyampeurkeun Radén Kodi. Manéhna nanya rék naon ngajugjug kadieu, nu ditanya ngajawab rék nganteur ngubaran anu kaserang panyakit. Basa ditingali, gening jalma nu garering téh nu baheula geus dolim ka manéhna. Ku Nyi Jaojah rék diubaran, kalawan sarat kudu ngaku heula sakabéh dosana séwang-séwangan dihareupeun Radén Kodi.

Kabéh geus pada nyarita, tuluy Nyi Guru méré sarat ka jalma nu garering pikeun néang Nyi Jaojah sabab sakabéh éta panyakit koncina aya di manéhna. Kabéhanana ngaharuleng, sabab moal bisa deui néang Nyi Jaojah lantaran geus maot. Nyi Guru geuwat asup ka imahna tuluy mukaan baju jeung kudung anu ngabulen awakna, tuluy kaluar deui nepungan Radén Kodi.

Sanggeus kitu, Nyi Jaojah nepungan deui jalma nu garering téa, tuluy ngahampura sakabéh dosa-dosa jalma nu ngadolimanana. Tuluy Nyi Jaojah ngadu'a. Teu lila ti harita, sakabéh kasakit téh cageur. Sanggeus kitu, Nyi Jaojah jeung Radén Kodi sarta para pacundang balik ka nagri asal, nyaéta nagara Bani Isroil.

3.3.Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data dina panalungtikan mangrupa léngkah nu kudu dilakukeun pikeun ngolah data. Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 224), ngumpulkeun data bisa dilakukeun dina sababaraha kaayaan, sumber, jeung cara. Téknik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téknik wawancara, studi pustaka, jeung dokuméntasi. Nu dimaksud wawancara nyaéta salasahiji téknik

ngumpulkeun data nu mangrupa léngkah mimiti dina panalungtikan sangkan manggihan masalah nu ditalungtik sarta sangkan leuwih teleb dina mikanyaho informasi ti réspondén. Wawancara dilaksanakeun sacara teu terstruktur jeung informan salaku sumber datana (Sugiyono, 2015, kc.137).

Studi pustaka nyaéta cara pikeun ngumpulkeun bahan panalungtikan nu mangrupa buku atawa jurnal nu luyu jeung panalungtikan (Satori & Komariah, 2009, 152), sedengkeun dokuméntasi nyaéta ngumpulkeun sarta nganalisis dokumén jeung data-data nu diperlukeun sangkan mantuan prosés panalungtikan (Sugiyono, 2015, kc. 149). Studi pustaka jeung dokuméntasi digunakeun nalika ngumpulkeun data pikeun ngadeudeulan tiori nu ngarojong kana panalungtikan sarta kabutuhan réferénsi (tiori filologi, wawacan, analisis struktural, jeung ajén kaagamaan) ogé pikeun nganalisis datana.

Sacara gurat badag, léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) ngalihaksarakeun naskah “Siti Jaojah” tina aksara Pégon kana aksara Latén;
- 2) maluruh struktur formal jeung naratif naskah “Siti Jaojah”; jeung
- 3) nyirian ajén kaagamaan nu aya dina naskah “Siti Jaojah”.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada ngumpulkeun data, tuluy diolah ku téhnik analisis sacara langsung. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) Nyusun jeung midangkeun hasil transliterasi naskah.
- 2) Ngaidéntifikasi sarta ngadéskripsikeun struktur formal jeung naratif dina naskah “Siti Jaojah”.
- 3) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun ajén kaagamaan nu aya dina naskah “Siti Jaojah”.

Dina léngkah nyusun jeung midangkeun hasil transliterasi naskah, luyu jeung padoman transliterasi nu digunakeun, katitén sababaraha hal saperti ieu di handap.

- 1) Digunakeun nomer (1, 2, 3,....., jst.) dina unggal ganti pada sangkan babari dina prosés maluruh data.

- 2) Pikeun nomer kaca dina naskah, dina hasil transliterasi ditulis dibarengan ku tanda dua gurat condong (//) misal kaca // (86), ditulis saacan nomer kaca.
- 3) Maké hurup kapital dina nuliskeun ngaran jalma, tempat, jeung istilah agama.
- 4) Maké hurup kapital dina unggal pada mimiti.
- 5) Hasil transliterasi ditulis per pada ilaharna nulis puisi sangkan babari dina prosés maca jeung analisis data, dina naskah aslina mah ditulis sacara ngaguluyur.
- 6) Maké tanda koma jeung titik pikeun misahkeun unggal padalisan jeung unggal pada. Unggal ganti padalisan dicirian ku tanda koma (,), sedengkeun pikeun nyirian genti pada ngagunakeun tanda titik (.).
- 7) Sawatara kecap dina naskah diédit, luyu jeung aturan éjahan basa Sunda:
 - a. hurup semivokal y dileungitkeun dina sawatara kecap saperti siyeun, siyang, cariyos, niat, kadiyeu, téyang, deuyi, jrrd. Kitu ogé semivokal w, saperti kaluwar, duwa, luwar, buwah, danguwan, bowa, mowal, jrrd;
 - b. hurup nu dileungitkeun dina sawatara kecap, saperti isteri → istri, cidera → cidra, perelu → perlu, piribumi → pribumi, Engkang → Ekang, pribadi → pirbadi, jrrd.
- 8) angka Ƶ dina naskah nu hartina kecap rajékan, dina hasil transliterasi ditulis deui kecapna tuluy dipisah ku tanda (-).
- 9) Tanda (...) nu aya dina hareupeun hiji kecap nuduhkeun yén éta kecap masih diragukeun jeung aya sababaraha kecap nu teu kabaca sagemblengna lantaran aksara naskahna ruksak.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Dina panalungtikan, instrumén diperlukeun pikeun ngarojong jeung nyangking informasi nu diperlukeun. Éta hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Arikunto (2013, kc. 203), yén instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun nalika ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih babari diolahna. Dina ieu panalungtikan, instrumén nu digunakeun nya éta kartu data pikeun nataan data analisis struktur formal jeung naratif, ogé ajén kaagamaan dina naskah “Siti Jaojah” dumasar kana hasil transliterasi jeung eusina sarta pedoman wawancara pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan naskah ti réspondén.

Lian ti éta, instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku *Palanggaran Éjahan Basa Sunda* (JPBD FPBS UPI, 2017), *Pedoman Ringkas Transliterasi, Edisi, dan Terjemahan: Aksara Sunda Kuna, Buda, Cacarakan, dan Pegon* (Ruhaliah, 2012), jeung *Al-Qur'an Terjemah Sunda* (Shaleh spk., 1993).

Pikeun analisis data ngeunaan struktur formal jeung naratif sarta ajén kaagamaan dina naskah “Siti Jaojah”, digunakeun tabél jeung kartu data saperti ieu di handap.

a. Tabél Struktur Formal Naskah “Siti Jaojah”

Tabél 3. 2
Conto Format Data Analisis Struktur Formal Naskah “Siti Jaojah”

| No | Ngaran pupuh | Pada ka- | Cutatan pada/padalisan | Guru lagu jeung guru wilangan | Watek pupuh | Sasmita pupuh |
|----|--------------|----------|---|---|-------------|--|
| 1 | Pangkur | 34 | Ngawalon Nyai Jaojah, moal kénging Aceuk téh dihina diri, sieun ku Allah nu Agung, amal hadis Rosulullah, istu pangwuruk Kang Panghulu, Dén Ahi lajeng kaluar, peteng sajeroning ati. | 8-a 12-i 8-u 8-a 12-u 8-a 8-i | Napsu | Kinanti (Peteng sajeroning ati) |

b. Tabél Struktur Naratif Naskah “Siti Jaojah”

1) Galur

Tabél 3. 3
Conto Data Analisis Galur Naskah “Siti Jaojah”

| Alur utama | Sub Alur | Keterangan |
|---|--|------------|
| a. Épisode ka-1 pepeujeuh pikeun nu maca | (1) Pituduh pikeun hirup laki rabi (2) Ngélingan ka nu jadi pamajikan | - |

2) **Motif Carita**

| |
|----------------------------------|
| Kartu Data Motif Carita |
| Cutatan tina naskah: |
| No. Indeks : (Stith Thompson) |

3) **Palaku**

Tabél 3. 4
Conto Data Analisis Palaku naskah “Siti Jaojah”

| No | Palaku | Kode Data | Cutatan Padalisan | Kapanggih ogé dina pada ka- |
|----|------------|-----------|---|--|
| 1 | Radén Kodi | II/7/2/P | Kocap sahiji carita, di nagara Bani Isroil, Panghulu suka carita, nu disebut Radén Kodi , kagungan sahiji istri, punjul sagala panemu, sebut Déwi Jaojah, geulis rupi geulis galih, ngeunah basa//saé tata bener adat. | 9, 10, 12, 13, 15, 25, 26, 34, 226, 236, 240, 244, jrrd. (disebut 94 kali) |

Katerangan kode data:

II: kanto (nomer pupuh)

7: pada

2: kaca

P: kode struktur naratif palaku

4) **Latar**

Tabél 3. 5
Conto Data Analisis Latar Naskah “Siti Jaojah”

| No | Latar | Kode Data | Cutatan Padalisan | Kapanggih ogé dina pada ka- |
|----|--------------------|-----------|---|-------------------------------|
| 1 | Nagara Bani Isroil | II/7/2/LT | Kocap sahiji carita, di nagara Bani Isroil , Panghulu suka carita, nu disebut Radén Kodi, kagungan sahiji istri, punjul sagala panemu, sebut Déwi Jaojah, geulis rupi geulis galih, ngeunah basa//saé tata bener adat. | 206, 222, 263, 296, jeung 389 |

Keterangan kode data:

II : kanto (nomer pupuh)

7 : pada

2 : kaca

LT : Latar Tempat

c. Analisis Ajén Kaagamaan

1) Akidah

Tabél 3. 6
Kartu Data Analisis Akidah

| Kartu Data Analisis Akidah | |
|----------------------------|---|
| Wanda | : |
| Sumber | : |
| Kanto | : |
| Nomer Pada/Padalisan | : |

2) Ahlak

Tabél 3. 7
Kartu Data Analisis Ahlak

| Kartu Data Analisis Ahlak | |
|---------------------------|---|
| Wanda | : |
| Sumber | : |
| Kanto | : |
| Nomer Pada/Padalisan | : |

3) Syari'ah

Tabél 3. 8
Kartu Data Analisis Syari'ah

| Kartu Data Analisis Syari'ah | |
|------------------------------|---|
| Wanda | : |
| Sumber | : |
| Kanto | : |
| Nomer Pada/Padalisan | : |

Keterangan:

- (1) Wanda nyoko kana ajén kaagamaan nu ngawengku akidah, ahlak, jeung Syari'ah (Azra, spk., 2002).
- (2) Sumber ajén kaagamaan nu ngawengku Al-Qur-an jeung Hadis.
- (3) Kanto (nomer pupuh) nu kapanggih aya ajén kaagamaanana.
- (4) Nomer pada/padalisan nu nuduhkeun kalimah aya dina pada jeung padalisan ka-.

Dina ngalaksanakeun kagiatan wawancara, diperlukeun pedoman sangkan informasi nu kacangking luyu jeung kabutuh panalungtik. Pedoman wawancara dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti di handap.

Tabél 3. 9
Pedoman Wawancara

| Pedoman Wawancara | |
|---------------------------------|---|
| Judul naskah | : |
| Lokasi ayana naskah | : |
| Idéntitas nu boga naskah | |
| Ngaran | : |
| Panganjrekan | : |
| Pakasaban | : |
| Raratan Waruga Naskah | |
| Jumlah kaca | : |
| Jumlah baris unggal kaca | : |
| Jumlah pada | : |
| Ukuran naskah | : |
| Ruang tulis | : |
| Jumlah pupuh | : |
| Aksara | : |
| Ukuran aksara | : |
| Wangun aksara | : |
| Basa naskah | : |
| Kaayaan naskah | : |
| Kaayaan tulisan | : |
| Warna mangsi | : |
| Wangun karangan | : |